

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Nurutkeun Sugiyono (2011, kc. 3), métode panalungtikan nya éta salah sahiji cara ilmiah, nu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data, sarta miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu. Métode panalungtikan kabagi dua, nya éta panalungtikan kualitatif jeung kuantitatif. Nurutkeun Moleong (2011, kc. 10) métode kualitatif nya éta salah sahiji métode panalungtikan, anu miboga udagan pikeun meunangkeun data ngeunaan kahirupan masarakat, ngaliwatan prosés mikir induktif.

Dina ieu panalungtikan, métode nu digunakeun ku panalungtik nya éta métode kualitatif déskriptif. Nurutkeun Moleong (2011, kc.11) métode deskriptif hasil datana mangrupa kekecapan jeung gambar, lain mangrupa angka-angka. Ku kituna, laporan panalungtikan eusina mangrupa kutipan-kutipan data, pikeun méré gambaran ngeunaan hiji objék nu ditalungtik, anu dihasilkeun tina wawancara, catetan laporan, foto, rékaman wawancara, *videotape*, dokumen pribadi, mémo jeung dokumén resmi séjénna.

Métode déskriptif ngébréhkeun sagala hal nu aya patalina jeung panalungtikan, ti mimiti masalah nu jadi kasang tukang panalungtikan, dasar-dasar tiori nu ngadeudeulan masalah dina panalungtikan, nepi ka nganalisis tur ngébréhkeun hasil panalungtikan. Dina téhnik panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan


Désain panalungtikan mangrupa rarancang nu digunakeun ku panalungtik, pikeun meunangkeun data nu rék ditalungtik, nepi ka ngalaporkeun hasil panalungtikan dina wangun skripsi. Désain panalungtikan ngawengku prosés saperti ieu di handap.

- 1) Ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah nu rék ditalungtik.

- 2) Obsérvasi, nya éta prosés pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, ku cara survéy ka lapangan, wawancara narasumber, jeung ngadokuméntasikeun hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikan.
- 3) Nangtukeun téhnik dina ngumpulkeun data panalungtikan.
- 4) Nganalisis data, sarta ngadéskripsikeun hasil panalungtikan.
- 5) Ngalaporkeun hasil panalungtikan.

Saupama digambarkeun sacara gurat badag, désain dina ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun sajarah kamekaran paguron Seni Bénjang Lingga Buana, prak-prakan kasenian bénjang di Paguron Seni Bénjang Lingga Buana, ajén seni nu nyampak dina kasenian bénjang Paguron Seni Bénjang Lingga Buana, sarta luyu henteuna dijadikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII. Désain panalungtikan nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, kabagi kana sababaraha tahapan saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Sumber Data

Sumber data dina panalungtikan mangrupa hiji hal anu penting dina prosés ngumpulkeun atawa meunangkeun data nu rék ditalungtik. Nurutkeun Loflan & Loflan (dina Moleong, 2011, kc.157), sumber utama dina kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan atawa paripolah jalma, sarta data tambahan nu mangrupa dokuméntasi, jst. Data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

1) Kekecapan jeung Paripolah Informan

Kekecapan jeung paripolah informan nu diwawancara mangrupa sumber data nu utama, anu hasilna mangrupa catetan, rékaman, jeung foto, tina kagiatan ngaregepkeun, ningali, jeung nanya. Panalungtikan kudu dilakukeun kalawan

sadar, jelas topikna, jeung puguh jujutanna, lantaran data kudu luyu jeung rumusan masalah (Moleong, 2011, kc. 157-158).

2) Sumber Tinulis

Sumber tinulis mangrupa référénsi buku nu sifatna ilmiah, saperti skripsi, tésis, buku-buku terbitan dinas pamaréntahan, jurnal ilmiah, sumber informasi di lembaga pamaréntahan atawa arsip nasional, jeung sajabana (Moleong, 2011, kc.159).

3) Foto

Nurutkeun Bogdan jeung Biklen (dina Moleong, 2011, kc. 160), foto biasana dipaké pikeun nganalisis data nu dihasilkeun tina kagiatan panalungtikan. Téhnologi beuki dieu beuki maju jeung rupa-rupa, kitu deui sumber data panalungtikan, lain mangrupa poto wungkul, tapi bisa mangrupa rékaman sora jeung rékaman vidéo. Aya dua rupa foto nu bisa dimangpaatkeun dina panalungtikan, nya éta foto hasil batur jeung foto hasil panalungtikna sorangan.

4) Data Statistik

Data statistik mangrupa sumber data tambahan, sangkan data nu dipaké akurat. Data statistik fungsina pikeun nganteur jeung ngalempeng panalungtik dina meunangkeun informasi, ngeunaan komposisi masarakat tina wanda umur, *gender*, agama, pakasaban, kahirupan sosial, ékonomi jeung sajabana (Moleong, 2011, kc. 162-163).

Dumasar tiori di luhur, sumber data nu aya dina ieu panalungtikan nya éta hasil wawancara, minangka hasil tina pikiran jeung paripolah tokoh kasenian bénjang, sesepuh atawa kokolot nu apal kasenian bénjang, aparat pamaréntah désa, sarta buku-buku sumber nu aya pakuat-pakaitna jeung ieu panalungtikan.

3.2.2 Gambar Umum Lokasi Panalungtikan

3.2.2.1 Lokasi Géografis

Nu jadi lokasi panalungtikan téh nya éta paguron Seni bénjang Lingga Buana, anu aya di kampung Pasir Luhur RT 01/Rw 04 Désa Cipanjalu, Kacamatan Ciléngkrang Ujung Berung, Kabupatén Bandung. Wates wilayah Désa Cipanjalu beulah kulon aya Désa Melatiwangi, beulah wétan aya Désa Ciporéat, beulah


Arlindi Pertiwi, 2016

AJÉN SENI DINA KASENIAN BÉNJANG PAGURON SENI BÉNJANG LINGGA BUANA
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kidul aya Kelurahan Pasirjati, jeung beulah kaler watesna nya éta Desa Mekargiri, lega wilayah Désa Cipanjalunya éta 2018 Ha, sacara umum lokasina kira kira aya dina 800 m (dpl), suhu rata-ratana 23° C, jeung curah hujanna rata-rata 85 mm. Désa Cipanjalunya kabagi kana 11 RW jeung 44 RT.

Gambar 3.1
Lokasi Panalungtikan



3.2.2.2 Kondisi Sosial Budaya

1) Agama

Dumasar informasi ti kantor Désa Cipanjalunya, Kacamatan Ciléngkrang, Kabupatén Bandung, agama nu diagem ku masarakat desa Cipanjalunya éta mayoritas agama Islam, Pikeun ngarojong kana ibadahna, di Désa Cipanjalunya aya 10 masjid. Salian ti nu ngagem agama Islam, di Désa Cipanjalunya aya ogé

Arlindi Pertiwi, 2016

AJÉN SENI DINA KASENIAN BÉNJANG PAGURON SENI BÉNJANG LINGGA BUANA
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

masarakat nu ngagem agama Katolik, tapi ngan 4 urang tina jumlah penduduk 5.683 urang.

2) Sosial Budaya

Kaayaan sosial-budaya masarakat di Désa Cijanjalu rupa-rupa, ti mimiti nu nyékel kénéh kana budaya tradisional, nepi ka nu geus modern. Loba kénéh masarakat Désa Cijanjalu nu masih ngukuhan tradisi luluhurna. Kasenian nu kawétar di Désa Cijanjalu diantarana réak jeung bénjang. Kasenian bénjang téh sok dipintonkeun dina sukuran kawinan, sunatan, gusaran, 17 Agustus, jeung sajabana. Ieu kasenian masih kénéh dicekel pageuh boh ku palaku senina boh ku masarakatna.

3) Kependudukan

Jumlah penduduk di Desa Cijanjalu, Kecamatan Ciléngkrang, Kabupatén Bandung nya eta 5.683 urang, lalaki aya 2.999 urang, jeung awéwé aya 2.684 urang.

Tabél 3.1
Jumlah Penduduk Désa Cijanjalu

No	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Lalaki	2.999
2	Awéwé	2.684
Jumlah		5.683

Sumber: Monografi Désa Cijanjalu taun 2015

4) Pendidikan

Tina segi atikan masarakat Désa Cijanjalu lolobana lulusan SD, sanajan aya ogé nu geus jadi sarjana. Ku ayana kawijakan pamaréntah ngeunaan wajib belajar salapan taun, jenjang pendidikan di Désa Cijanjalu ngalaman kamajuan. Aya 4 SD jeung 1 SMP anu ngarojong kamajuan pendidikan di Désa Cijanjalu, nya éta SD Cikapundung 2, SD Pasirluhur, SD Palintang, SD Cikapundung 1, jeung SMP Ciléngkrang 2.

Tabél 3.2
Pendidikan Masarakat Désa Cipanjal

No	Jenis Pendidikan	Jumlah
1	TK	501
2	SD/MI	1.827
3	SMP/SLTP	297
4	SMA/SLTA	187
5	PT/S1	29
Jumlah		2.841

Sumber: Monograpi Désa Cipanjal 2015

5) Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Cipanjal rupa-rupa, data lengkepna bisa katitén tina tabél di handap.

Tabél 3.3
Pakasaban Masarakat Désa Cipanjal

No	Jenis Pakasaban	Jumlah
1	Tani	1.042
2	Padagang	2.97
3	Buruh	1.125
4	Swasta	373
5	PNS	31
6	ABRI	3
7	Seniman	136
8	Lain-lain	365
Jumlah		3.372

Sumber : Monograpi Désa Cipanjal 2015

6) Basa nu digunakeun

Basa nya éta omongan sapopoé unggal wewengkon (Danadibrata, 2009, kc. 68). Basa nu digunakeun ku masarakat Désa Cipanjal dina kahirupan sapopoé, nya éta basa Sunda. Tapi sakapeung mah basa nasional (Indonésia) sok dipaké hususna lamun aya tamu nu teu bisa maké basa Sunda.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat anu digunakeun ku panalungtik. Dina kagiatan panalungtikan, pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data sangkan bisa ngahontal kana tujuan panalungtikan, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

1) Kaméra Digital

Kaméra digital digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kagiatan-kagiatan panalungtikan dina wangun foto atawa vidéo, contona dokuméntasi obsérvasi lapangan anu aya patalina jeung prak-prakan seni Bénjang.

2) *Handphone*

Handphone mangrupa alat nu dipaké pikeun ngarékam kagiatan wawancara waktu lumangsungna panalungtikan, ngeunaan seni Bénjang di Paguron Seni Bénjang Lingga Buana.

3) Lembar céklis panalungtikan, nya éta alat pikeun ngadata naon-naon waé nu kudu ditalungtik. Di handap ieu conto lembar céklis obsérvasi dina ieu panalungtikan.

Tabél 3.4

Lembar Céklis Panalungtikan

No	Hal anu Ditalungtik		Katalungtik	Henteu
1	Tempat	Tempat Kasenian Bénjang Dipagelarkeun	√	-
2	Palaku	Palaku Primér	√	-
		Palaku Skundér	√	-
3	Barang	Pakéan	√	-
		Waditra	√	-
		Sasajén	√	-
		Pakakas	√	-
4	Aktivitas	Tatahar Kasenian Bénjang	√	-
		Prak-prakan Kasenian Bénjang	√	-

4) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dijieun sangkan dina prakna wawancara bisa lumangsung kalayan lancar. Ku kituna, perlu ayana pedoman pikeun nungtun panalungtik dina ngalaksanakeun wawancara ka narasumber. Sajumlahing patalékan nu digunakeun pikeun wawancara, saperti ieu di handap.

Arlindi Pertiwi, 2016

AJÉN SENI DINA KASENIAN BÉNJANG PAGURON SENI BÉNJANG LINGGA BUANA
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.5
Pedoman Wawancara

Data Informan		
1.	Wasta	:
2.	Yuswa	:
3.	Jenis Kelamin	:
4.	Atikan	:
5.	Pakasaban	:
6.	Status Kawin	:
7.	Kalungguhan	:
8.	Alamat	:
1	2	3
No.	Jenis Patalékan	Patalékan
1.	Sajarah kamekaran	1) Naon jeung kumaha nu disebut kasenian bénjang? 2) Iraha mimiti dipikawanohna kasenian bénjang? 3) Saha nu mimiti naratas kasenian bénjang? 4) Kumaha réspon masarakat jaman baheula jeung masarakat jaman kiwari kana diayakeunna seni bénjang? 5) Kumaha sajarah kamekaran paguron Seni Bénjang Lingga Buana? 6) Ti iraha ayana paguron Seni Bénjang Lingga Buana? 7) Waktu mimiti dipagelarkeun kumaha runtuyan pintonana? 8) Aya parobahan naon dina seni bénjang jaman baheula jeung jaman kiwari? 9) Ti iraha kasenian bénjang ditambahan ku pintonan topéng bénjang jeung bénjang arak-arakan? 10) Naon bangbaluh dina kamekaran kasenian bénjang? 11) Kumaha tarékah pikeun mekarkeun kasenian bénjang sangkan ieu kasenian bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat? 12) Naon nu jadi harepan dina kamekaran kasenian bénjang, hususna kamekaran seni bénjang Paguron Seni Bénjang Lingga Buana?

Arlindi Pertiwi, 2016

*AJÉN SENI DINA KASENIAN BÉNJANG PAGURON SENI BÉNJANG LINGGA BUANA
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1	2	3
2.	Tujuan	13) Kasenian b́njang dipintonkeun keur kapentingan naon?
3.	Waktu, Tempat jeung Palaku	14) Saha nu ngadegkeun paguron Seni B́njang Lingga Buana? 15) Saha waé nu ilubiung dina seni b́njang ? 16) Kasenian b́njang sok dipagelarkeun dina acara naon? 17) Dimana tempat lumangsungna kasenian b́njang?
4.	Alat jeung Bahan	18) Naon waé anu kudu ditataharkeun saacan lumangsungna kasenian b́njang? 19) Pakakas naon waé anu digunakeun dina kasenian b́njang Lingga Buana? 20) Naon waé waditra nu dipaké dina kasenian B́njang? 21) Kumaha dangdanan nu ilahar dipaké dina kasenian b́njang Paguron Seni B́njang Lingga Buana? 22) Warna naon waé nu dipaké dina dangdanan kasenian b́njang Paguron Seni B́njang Lingga Buana? Naon sababna?
5.	Prakprakan	23) Naon waé sarat-sarat mintonkeun kasenian b́njang? 24) Naon waé pantrangan dina mintonkeun kasenian b́njang? Naon sababna? 25) Kumaha prak-prakan seni b́njang di paguron seni b́njang Lingga Buana? 26) Naha b́njang gelut geus teu dipintonkeun deui di Paguron Seni B́njang Lingga Buana? 27) Lalaguan naon waé nu dipaké pikeun mirig kasenian b́njang Paguron Seni B́njang Lingga Buana? 28) Naon sababna lalaguan éta dipaké? 29) Naha make topéng b́njang? 30) Aya sabaraha peran dina topeng b́njang? Peran naon waé? 31) Naon ma'na dina b́njang arak-arakan? 32) Naon sababna aya babarongan, momonyétan jeung sajabana?

1	2	3
6.	Ajén-inajén, fungsi, jeung ma'na	33) Naon fungsi jeung ma'na waditra dina kasenian béngjang? 34) Naon fungsi jeung ma'na dina pakakas kasenian Béngjang? 35) Naon ma'na dina béngjang arak-arakan? 36) Naon ma'na dina topéng béngjang 37) Unggal gerak, sora, jeung posisi aya teu ajén-inajén nu bisa dijadikeun atikan pikeun generasi kiwari?

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah mimiti dina kagiatan panalungtikan, ku sabab tujuan utama dina panalungtikan nya éta meunangkeun data (Sugiyono, 2011, kc. 308). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana saperti ieu di handap.

1) Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya éta téhnik anu dipaké pikeun meunangkeun data sacara langsung tur akurat, kana naon-naon nu, katingali, jeung karasa waktu ngalaksanakeun kagiatan panalungtikan di lapangan ngeunaan seni béngjang di Paguron Seni Béngjang Lingga Buana. Dina kagiatan obsérvasi tangtu aya objék anu ditalungtik. Nurutkeun Sugiyono (2011, kc. 314) obsérvasi nu ngagunakeun

Arlindi Pertiwi, 2016

*AJÉN SENI DINA KASENIAN BÉNJANG PAGURON SENI BÉNJANG LINGGA BUANA
PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan métode kualitatif/déskriptif, ngawengku tilu komponén, nya éta: 1) *place* atawa tempat lumangsungna kajadian; 2) *actor* atawa palaku atawa jalma-jalma anu miboga peran nu tangtu dina éta kajadian; 3) *activity* atawa kagiatan anu dilakukeun ku jalma nu ilubiung dina kagiatan nu keur lumangsung. Dina ieu tahap, panalungtik sacara jero neuleuman naon-naon nu katempo, kadéngé, jeung karasa .


2) Wawancara

Téhnik wawancara nya éta prosés tanya jawab nu disusun dina wangun patalékan. Wawancara bisa dilakukeun sacara ngaruntuy bisa ogé henteu, jeung dilakukeun sacara *face to face* atawa pahareup-hareup langsung, bisa ogé ngaliwatan telpon/hp (Sugiyono, 2011, kc. 188).

3) Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nu digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun sakabéh hal nu lumangsung nalika ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti nepi ka ahir. Alat nu dipaké pikeun ngadokuméntasikeunna, nya éta kaméra digital, *handphone*, jeung alat tulis.

Bagan 3.2
Triangulasi Téhnik Ngumpulkeun Data (Sugiyono, 2009, kc. 84)



3.4 Analisis Data

Data-data anu geus dikumpulkeun waktu panalungtikan di lapangan, diidéntifikasi, tuluy dianalisis ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditetepkeun, ieu

hal dilakukeun pikeun ngajawab pasualan-pasualan nu aya dina rumusan masalah.

Langkah-langkahna saperti ieu di handap:

- 1) mariksa data nu geus kakumpulkeun;
- 2) nyieun papasingan data hasil panalungtikan;
- 3) ngadeskripsikeun data;
- 4) nyieun verifikasi data;
- 5) nganalisis data; jeung
- 6) nyieun kacindekan data nu geus kapaluruh.